

Lwa sou Swen Abòdab E Ou Menm

Yon Gid sou Asirans Sante Patwon-Ofri

Anba Lwa sou Swen abódab (Affordable Care Act), gen kèk patwon ki oblige ofri anplwaye yo asirans sante. Gid sa a ap ofri ou enfòmasyon debaz sou asirans sante patwon an ofri. Si w vle plis enfòmasyon sou lòt pati nan lwa a, ki gen ladan kondisyon pou tout moun gen asirans sante ak egzanpsyón yo, ou ka gade nan gid ki rele [Yon Gid Kondisyon Nan Aspirans Sante](#). Pou jwenn plis enfòmasyon sou Medicaid ak Health Insurance Marketplaces, gade nan gid ki rele "[Yon Gid pou Sit-wayen Ameriken](#)".

Kouman pou mwen konnen si mwen gen asirans sa a?

Ou ta dwe kontakte patwon ou a pou ou chèche konnen si li ofri asirans sante pou anplwaye li yo, epi si w kalifye pou asirans lan. Si patwon w ofri w asirans sante, ou ta dwe resevwa enfòmasyon sou ki opsyon asirans sante ou genyen nan yon lang ou konprann.

Ki moun ki kouvri sou asirans sante patwon mwen an ofri?

Patwon yo ki ofri asirans sante a oblige ofri li ba w ak pitit ou yo jiska yo rive nan laj 26 an. Patwon yo PA oblige ofri mari oswa madanm ou asirans lan.

Èske imigran yo kalifye pou asirans sante patwon a ofri?

Tout anplwaye kalifye pou asirans sante patwon a ofri.

Konbyen lajan m ap gen pou mwen peye pou asirans sante mwen?

Kantite lajan w ap gen pou ou peye depann sou ki kalite plan asirans santé a patwon w ofri ou ak ki moun nan fanmi ou ki sou plan asirans ou.



Kisa k ap pase si mwen chwazi pa enskri nan asirans sante patwon mwen an?



Ou pa oblige aksepte asirans sante anplwayè ou a ofri a, men pi fò moun oblige gen kèk fòm asirans sante kanmenm. Si w refize pran asirans nan men patwon ou, ou ka gen pou ou peye yon taks si ou pa enskri nan yon lòt plan asirans sante. Yo eksplike egzanpsyon taks sa a nan [Yon Gid Kondisyon Nan Aspirans Sante](#). Ou kapab kalifye pou Medicaid tou, ou ka enskri ladann pandan tout ane a. Menm si patwon ou ofri ou asirans, sa pa pral afekte kalifikasyon ou pou Medicaid.



Atansyon: *Si w chwazi refize asirans sante patwon ou ofri ou, ou ka toujou gade tout chwa ou nan Marketplace la. Sepandan, ou ka pa kalifye pou asistans finansye. Pou kalifye pou asistans finansye, y ap fè kalkil pou wè si sa ou dwe peye pou asirans santé a plis pase 9.5% kantite kòb moun lakay ou touche. Ou ka pale avèk yon asistan aplikasyon sètifye pou plis enfòmasyon.*

Èske mwen ka itilize asirans sante mwen si mwen chanje travay mwen?



Si w chanje travay ou, ou pral gen pou ou enskri nan yon nouvo plan asirans sante. Si nouvo patwon a pa ofri ou asirans sante, w ap gen 60 jou apre ou pèdi asirans la pou ou enskri nan yon plan asirans sante nan Marketplace la.


Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?



Ou ka bezwen asistans pou ou revwa opsyon asirans sante ou pou ou ka chwazi sa ki pi bon pou ou ak pou fanmi ou.



Rele **800-318-2596** pou ou ka pale ak yon moun ki ka reponn tout kesyon ou yo oswa pou ou jwenn ak yon moun ki pre ou. Gen èd ki disponib nenpòt ki lè an kreyòl ak nan lòt lang.



Ou kapab chache èd tou nan:



Avètisman HRSA a: Pwojè sa a te kòmandite pa Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (HRSA) nan Depatit US Sante ak Sèvis Imen (HHS) dapre akò kooperativ nimewo U30CS22741 pou \$447,333.00 ak 0% pwojè total NCA a ki finanse ak lajan ki pa soti nan gouvènman federal. Enfòmasyon sa a oswa kontni ak konklizyon yo se pa kreyatè a yo ye epi yo pa ta dwe entrepète yo kòm yon pozisyon ofisyèl oswa politik, ni HRSA, HHS, oswa Gouvènman US pa dwe dedwi okenn andòsman.

